

CARE CONNECTION

IVÈ 2019

BATI LAVI AN SANTE

Ede tibebe yo kòmanse lavi yo an sante

Nouvèl ki enpòtan sou avantaj ou yo pou swen dantè

Fevriye se mwa yo mete pou pran swen kè a

Prete atansyon, nou menm ki fèk enskri nan yon plan sante



Ede tibebe yo kòmanse lavi yo an sante

Tout tibebe ki fèk fèt yo merite pou yo kòmanse lavi yo an sante. Se poutèt sa nou bay pwogram matènite Bright Start® nou a. Bright Start bay manm ki ansent e ki gen gwo risk yo sèvis jesyon dosye ki espesyal. Pwogram nan pèmèt yo gen mwens chans pou yo rankontre pwoblèm pandan yo ansent lan. Sa ede manman yo akouche timoun ki an sante nan bon lè a.

Manm ki ansent e ki gen gwo risk yo resevwa:

- Dokiman sou gwosès.
- Edikasyon pou prepare yo akouche.
- Enfòmasyon sou fason yo ka kontakte yon jesyonè swen si yo gen kesyon.

Yon manm ki ansent e ki gen gwo risk ka benefisye èd yon jesyonè swen nan kad sèvis jesyon dosye, tankou:

- Kowòdinasyon swen manm nan bezwen yo nan telefòn.
- Idantifikasyon nenpòt bagay ki te ka anpeche manm nan resevwa swen li bezwen yo.
- Ankourajman konpòtman ki bon pou lasante anvan akouchman an.

Pwogram Prestige Health Choice Bright Start la gen ladan l sèvis sipò sa yo:

Sèvis doula — Yon doula se yon moun ki bay yon sipò ki pa medikal pandan akouchman an oswa apre nesans lan. Li bay manm nou yo ki ansent e ki gen gwo risk sipò emosyonèl ak fizik ki nesèsè a. Sa gen ladan l:

- Edikasyon ak preparasyon pou akouchman an.
- Sipò pandan tranche.
- Sipò pou bay timoun tete apre l fèt.

Pwogram Keys to Your Care® pou voye mesaj tèks —

Pwogram sa a sèvi ak mesaj tèks pou motive manm nou yo ki ansent. Li ede yo jwenn swen yo bezwen yo e kenbe bonjan abitud sante pandan gwosès yo. Apre akouchman an, manm yo ap toujou kontinye resevwa mesaj tèks oswa koutfil sou sante yo. Epitou, y ap resevwa mesaj pou fè yon sonje yo bezwen mennen timoun ki fèk fèt la kay doktè regilyèman pandan 15 premye mwa yo.

Bright Start disponib gratis pou tout manm ki ansent yo. Pou jwenn plis enfòmasyon oswa pou enskri, rele nou nan **1-855-371-8076**.



Prestige Health Choice bay manm yo plis fason pou ede tibebe yo kòmanse lavi yo an sante. Pwogram konpòtman ki bon pou lasante nou an rekonpanse manm yo lè yo pran desizyon ki bon pou sante yo. Sa gen ladan l vizit kay doktè anvan ak apre akouchman an.

Vizit matènite: Manm ki ansent yo gendwa jwenn yon kat kado Walmart \$50 kòm rekonpans. Manm nan sipoze ale nan omwen 10 vizit prenatal sou 13 ki sipoze fèt yo ak nan yon vizit pòspatòm. Vizit pòspatòm nan dwe fèt sou 21 a 42 jou apre nesans lan. Manm nan sipoze akouche ant 6 novanm 2018 ak 5 novanm 2019.

Vizit pòspatòm: Manm ki fèk akouche yo gendwa jwenn yon kat kado Walmart \$20 kòm rekonpans. Manm nan sipoze ale nan yon vizit pòspatòm sou 21 a 42 jou apre nesans lan. Manm nan sipoze akouche ant 6 novanm 2018 ak 5 novanm 2019. (Rekonpans sa a pa disponib pou manm ki patisipe nan pwogram rekonpans matènite a deja.)

Rele nou pou jwenn plis enfòmasyon sou pwogram konpòtman ki bon pou lasante nou an. Kontakte ekip sèvis pou manm yo nan **1-855-355-9800 (TTY 1-855-358-5856)**.

Nouvèl ki enpòtan sou avantaj ou yo pou swen dantè

Se pwogram sante dantè Florid la, ki mache ak pwogram swen jere Medicaid pou tout eta a (Statewide Medicaid Managed Care, SMMC), ki ba w avantaj pou swen dantè w yo. Nan kad pwogram sa a, yo asiyen yon pwofesyonèl sante dantè prensipal bay chak moun ki gen avantaj pou swen dantè nan fanmi w. Genyen twa plan sante sante ki apwouve nan pwogram sante dantè Florid la. Men plan sa yo:

- DentaQuest of Florida.
- LIBERTY Dental Plan.
- MCNA Dental.

Ou pral resevwa yon kat idantifikasyon antanke manm pwogram sante dantè Florid la pa lapòs. Non pwofesyonèl sante dantè prensipal ou a ap mansyone sou kat sa a. L ap gen nimewo idantifikasyon w ak yon nimewo apèl gratis pou plan dantè a tou.

Si w gen kesyon sou fason ou ka jwenn avantaj ou yo pou swen dantè, tanpri fè nou konn sa. Rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-855-355-9800 (TTY 1-855-358-5856)**. Nou ka ede w jwenn avantaj ou yo pou swen dantè.



Se nan dat 1ye avril timoun ka kòmanse enskri nan kou natasyon

Rete an sekirite nan dlo se yon bagay nou bay anpil enpòtans nan eta Florid. Se poutèt sa Prestige Health Choice bay timoun ki gen ant 6 mwa ak 12 an posiblite pou yo patisipe nan kou natasyon ak kou sekirite nan dlo. Plan an ap peye ajans lan oswa enstriktè ki sètifye a yon maksimòm \$200 pou chak timoun.

N ap kòmanse aksepte koutfil pou moun enskri nan kou natasyon apati 1ye avril 2019 e n ap kontinye fè sa jis 30 avril 2019. Nou kapab enskri yon maksimòm 1,000 timoun, e se moun ki rele an premye yo k ap enskri anvan. Asire w ou rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-855-355-9800 (TTY 1-855-358-5856)** pou enskri pitit ou kou mwa avril la kòmanse!



Fevriye se mwa yo mete pou pran swen kè a

Nenpòt moun ka soufri yon maladi kè ak pwoblèm sante ki lakòz maladi sa yo, kèlkeswa laj li. Twa pi gwo faktè risk ki fè moun gen plis chans pou yo soufri yon maladi kè se ipètansyon, nivo kolestewòl ki wo ak fimèn. Mwatye nan tout Ameriken yo gen omwen youn nan twa faktè risk sa yo.¹

Fevriye se mwa yo mete pou jwenn enfòmasyon sou kè a. Se pi bon moman pou chèche konnen sa w ka fè depi kounye a pou pwoteje kè w. Men kat fason ou ka rive kontwole sante kè w:

- **Pa fimèn.** Fimèn se premye koz ki fè moun mouri alòske yo te ka evite sa nan peyi Etazini. Tabak responsab prèske 6 milyon moun mouri chak ane. Enfòmasyon nou genyen yo kounye a montre, si bagay yo kontinye konsa, lè nou rive nan ane 2030, se plis pase 8 milyon moun ki pral mouri chak ane poutèt yo sèvi ak tabak.²

- **Jere pwoblèm sante ki gen rapò ak kè a.** Travay avèk ekip pwofesyonèl sante w yo pou jere pwoblèm sante w yo. Se yon bagay ki enpòtan pou ipètansyon ak nivo kolestewòl ki wo. Sa gen ladan l pran tout medikaman yo preskri w yo.
- **Pote chanjman nan abidid manje w yo pou sante kè w.** Manje manje ki pa gen anpil grès trans, grès satire, sik anplis ak sodyòm (sèl). Eseye mete fwi ak legim nan omwen demi asyèt ou. Chèche manje manje ki gen mwens sodyòm.
- **Rete aktif.** Fè egzèsis pandan omwen 150 minit chak semèn.

Ou ka pote chanjman ki bon pou sante w pou gen mwens chans pou w gen yon maladi kè pi devan. Mwa sa a se mwa yo mete pou pran swen kè w. Kidonk, se pou w pran abidid k ap bon pou sante w e pou w kenbe yo pandan tout ane a.

Nivo sodyòm nan ka afekte volim san an ak presyon ateryèl la. Si w manje twòp sodyòm, sa gendwa fè tansyon w monte e sa ka lakòz kò w kenbe twòp likid. Anpil moun ki ta renmen limite kantite sodyòm ki nan manje yo chèche manje mwens pase 1,500 miligram sodyòm chak jou. Men kèk bagay ou ka fè pou nivo sodyòm ou desann.³



Chanje abitud ou yo nan domèn manje pou mwens sodyòm antre nan kò w

Olye ou manje bagay sa yo:	Pito eseye manje bagay sa yo:
<p>Vyann, pwason, poul oswa kodenn ki fimèn, ki sale oswa ki nan bwat, tankou:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Bekonn. • Vyann ki frèt yo vann pou mete nan sandwich. • Janbon. • Sosis. • Sadin. • Kavya. • Janchwa. 	<p>Fre oswa nan frizè:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Vyann bèf. • Vyann ti mouton. • Vyann kochon. • Vyann poul oswa kodenn. • Pwason. • Ze ak sibstiti ze.
<p>Manje ki tou prepare nan bwat, tankou ravyoli, SPAM® ak chili</p>	<p>Pwason nan bwat ki pa gen anpil sodyòm (san dlo a), oubyen pwason, poul oswa kodenn ki nan bwat (nan dlo oswa nan luil)</p>
<p>Fwomaj nòm al ak fwomaj ki trete, fwomaj yo vann pou bere pen, fwomaj an sòs, ak fwomaj lèt</p>	<p>Fwomaj ki pa gen anpil sodyòm, fwomaj rikota, fwomaj lèt, ak mozarèl</p>
<p>Pidza, boul pen griye, ak biskuit sèl</p>	<p>Pèpèt mayi, papita ak pretzèl san sèl</p>
<p>Oliv; ti konkonm, chou ak lòt legim yo mete nan vinèg; legim ki gen janbon, bekonn oswa kochon sale ladan yo</p>	<p>Legim ki fre oswa nan frizè san sòs, legim nan bwat ki pa gen anpil sodyòm, sòs ak ji</p>
<p>Bè oswa magarin ki sale</p>	<p>Mayonèz</p>

Se pou ede moun konprann kesyon sante nou bay enfòmasyon sa yo sèlman. Yo pa la pou ranplase konsèy pwofesyonèl sante w la ba w yo.

Ede nou fè sa ki nesesè pou w rete an sante

Nou ta renmen pou w rete an sante toutosan sa posib. Se poutèt sa nou mande w ranpli yon evalyasyon sou risk sante w (Health Risk Assessment, HRA). Li gen kesyon sou sante w ak sou fason w ap viv la. Repons ou bay yo ap ede nou pi byen ede w satisfè bezwen w yo nan domèn swen sante.

Nou te voye w yon HRA ansanm ak dosye akèy ou lè w te enskri nan plan an. Epitou, nou te mete yon anvlop ki gentan peye pou w te ka voye repons ou yo tounen. Si w pèdi HRA a, gen twa fason ou ka ranpli l toujou:

- Telechaje fòm nan sou **www.prestigehealthchoice.com**, ranpli l epi voye l tounen ban nou nan nimewo faks **1-855-236-9281**.
- Ranpli HRA a nan telefòn. Rele ekip repons rapid Prestige Health Choice la nan **1-855-371-8072**.
- Rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-855-355-9800 (TTY 1-855-358-5856)** epi mande l voye w yon nouvo fòm.

W ap ka ranpli HRA a an kèk minit sèlman. Enfòmasyon w yo ap konfidansyèl. Nou pap bay HRA w la bay pèsonn ki pa fè pati ekip swen w.



Nou ta renmen pou w santi w satisfè ak swen ou resevwa yo nan men pwofesyonèl sante nou yo. Èske w konprann sa pwofesyonèl sante w yo di w? Èske w rive pran randevou ak yon espesyalis rapid? Èske pwofesyonèl sante w la pran ase tan pou l esplike w rezon ki fè ou ta dwe pran oswa ou pa ta dwe pran yon medikaman an patikilye?

Nan semèn k ap vini yo, w ap resevwa yon sondaj pa lapòs. Sondaj sa a rele Consumer Assessment of Healthcare Providers and Systems (CAHPS®). Li poze kesyon sou kalite swen ou resevwa yo ak sou eksperyans ou ak pwofesyonèl sante ki fè pati rezo nou an. Nou chwazi manm plan sante k ap patisipe yo owaza. Se pa tout manm plan sante yo k ap resevwa sondaj la.

Si w resevwa sondaj CAHPS pa lapòs, tanpri pran yon ti tan pou w ranpli l. Sa w panse enpòtan. Si w pa kapab voye sondaj la tounen pa lapòs, ou gen yon lòt posiblite pou patisipe. Nou pral fè sondaj sa yo nan telefòn nan mitan mwa avril la.

Nou ta renmen konnen sa w panse de swen ou te resevwa yo. Si yo envite w patisipe nan yon sondaj CAHPS, tanpri pran yon ti tan pou w fè sa.



Prete atansyon, nou menm ki fèk enskri nan yon plan sante

Prestige Health Choice te ba w yon seri enfòmasyon ki enpòtan sou plan sante w nan dosye akèy nou te voye w pa lapòs lè w te enskri. Kèk nan yo se fòm otorizasyon pou komunikasyon enfòmasyon sante, yon kesyonè evalyasyon sou risk sante yo, yon fòm kontak pou manm yo, ak yon fòm pou mande yon reprezantan pèsònèl. Dokiman sa yo ka ede nou pi byen planifye swen w yo.

Se poutèt sa nou mande w ranpli fòm sa yo si w poko fè sa. Tanpri, apre w fin ranpli fòm yo, voye yo pa lapòs oswa nan faks:

Prestige Health Choice
P.O. Box 7181
London, KY 40742
Nimewo faks: **1-855-236-9281**

Epitou, ou ka telechaje fòm sa yo sou sit Entènèt Prestige Health Choice la. Si w gen kesyon, fè nou konn sa. Tanpri rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-855-355-9800 (TTY 1-855-358-5856)**.

Sous:

1. "Heart Disease: It Can Happen at Any Age," Centers for Disease control and prevention, nou konsilte sous sa a nan 21 desanm 2018, <https://www.cdc.gov/features/heartmonth/index.html>.
2. "Smoking & Tobacco Use," Centers for Disease Control and prevention, nou konsilte sous sa a nan 21 desanm 2018, https://www.cdc.gov/tobacco/data_statistics/fact_sheets/fast_facts/index.htm.
3. "Cut Down on Sodium," Office of Disease Prevention and Health Promotion, nou konsilte sous sa a nan 21 desanm 2018, https://health.gov/dietaryguidelines/2015/resources/DGA_Cut-Down-On-Sodium.pdf.

Prestige Health Choice bay moun ki andikape ak moun lang anglè pa lang manman yo yon seri èd ak sèvis tradiksyon gratis. Sa gen ladan l entèprèt ki kalifye ak enfòmasyon ki ekri nan lòt lang. Si w bezwen jan de sèvis sa yo, rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-855-355-9800 (TTY/TDD 1-855-358-5856)**, Ekip sa a disponib 24 sou 24, sèt jou sou sèt.



Return Mail Processing Center
8171 Baymeadows Way West
Jacksonville, FL 32256

Health and wellness or prevention information
Información de la salud y el bienestar o preventiva
Enfòmasyon prevansyon oswa enfòmasyon
konsènan sante ak byennèt

M1347_1901
PRES-18411905

CARE CONNECTION

IVÈ 2019

BATI LAVI AN SANTE



Ede tibebe yo kòmanse lavi
yo an sante

Nouvèl ki enpòtan sou
avantaj ou yo pou swen
dantè

Fevriye se mwa yo mete
pou pran swen kè a

Prete atansyon, nou
menm ki fèk enskri nan
yon plan sante

Tout imaj nou itilize anba lisans e se pou ilistre sa n ap di yo nou itilize yo sèlman. Nenpòt moun ki sou imaj sa yo se yon modèl li ye.

Zak diskriminasyon pa ann amoni ak lalwa

Prestige Health Choice dakò ak lwa federal sou dwa sivil yo epi li pa fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, peyi kote w soti, laj, andikap oswa sèks ou. Prestige pa mete sou kote oswa trete moun lòt jan akoz ras, koulè, peyi kote w soti, laj, andikap oswa sèks ou.

Prestige:

- Bay moun ki gen andikap asistans ak sèvis gratis pou kominike fasilman ak nou, tankou:
 - Entèprèt konpetan nan lang siy.
 - Enfòmasyon sou lòt fòm (gwo karaktè, odyo, fòm elektwonik aksesib, lòt fòm ankò).
- Bay moun ki pa fò nan anglè sèvis lang gratis, tankou:
 - Entèprèt konpetan.
 - Enfòmasyon ki ekri nan lòt lang.

Si w ta bezwen youn nan asistans sa yo, kontakte Prestige nan **1-855-355-9800 (TTY 1-855-358-5856)**. Nou disponib 7 jou sou 7 epi 24 sou 24.

Si w ta konstate Prestige neglije bay sèvis sa yo oswa fè diskriminasyon kèlkonk sou baz ras, koulè, peyi kote w soti, laj, andikap oswa sèks, ou ka depeze yon doleyans nan:

- Grievance and Appeals, PO Box 7368, London, KY 40742. **1-855-371-8078 (TTY 1-855-371-8079)**, Faks: **1-855-358-5847**.
- Ou ka depeze yon doleyans pa mwayen imèl, faks, oswa telefòn. Si w gen difikilte pou w depeze yon doleyans, ekip Sèvis pou manm Prestige yo ap kontan ede w.

Ou ka pote yon plent sou dwa sivil bay Depatman Sante ak Sèvis Dwa Moun Etazini an ak Biwo Dwa Sivil la pa mwayen elektwonik, ou ka fè sa sou Paj pou Plent Biwo pou Dwa Sivil la nan <https://ocrportal.hhs.gov/ocr/portal/lobby.jsf>, oswa pa mwayen kourye oswa telefòn nan:

U.S. Department of Health and Human Services
200 Independence Avenue, SW
Room 509F, HHH Building
Washington, D.C. 20201
1-800-368-1019 (TDD 1-800-537-7697)

Fòmilè pou plent yo disponib nan:

<http://www.hhs.gov/ocr/office/file/index.html>.

Gen sèvis entèprèt nan plizyè lang

English: This information is available for free in other languages. Please contact our customer service number at **1-855-355-9800 (TTY/TDD 1-855-358-5856)**, 24 hours a day, seven days a week. If your primary language is not English, or to request auxiliary aids, assistance services are available to you, free of charge.

Spanish: Esta información está disponible en otros idiomas de forma gratuita. Póngase en contacto con nuestro número de servicios al cliente al **1-855-355-9800 (TTY/TDD 1-855-358-5856)**, las 24 horas del día, los siete días de la semana. Si su idioma principal no es el inglés, o necesita solicitar ayudas auxiliares, hay servicios de asistencia a su disposición de forma gratuita.

Haitian Creole: Enfòmasyon sa yo disponib gratis nan lòt lang. Tanpri kontakte ekip sèvis kliyan nou an nan **1-855-355-9800 (1-855-358-5856 pou moun ki pa tande byen yo)**, 24 è sou 24, sèt jou sou sèt. Si anglè pa lang manman w oswa si w ta renmen mande yon èd konplemantè, ou ka resevwa sèvis ki gratis pou ede w.

French: Ces informations sont disponibles gratuitement dans d'autres langues. Veuillez contacter notre équipe service clientèle au **1-855-355-9800 (1-855-358-5856 pour les malentendants)**, 24 heures sur 24, sept jours sur sept. Si l'anglais n'est pas votre langue maternelle ou si vous souhaitez demander une aide auxiliaire, des services d'aide sont gratuitement mis à votre disposition.

Russian: Эта информация доступна бесплатно на других языках и в других форматах. Звоните в Отдел обслуживания клиентов по тел. **1-855-355-9800 (TTY/TDD 1-855-358-5856)** — круглосуточно и без выходных. Если ваш родной язык не английский или вы хотели бы запросить дополнительную помощь, вы можете воспользоваться бесплатными услугами перевода.

Italian: Queste informazioni sono disponibili gratuitamente in altre lingue. Chiamate il nostro servizio clienti al numero **1-855-355-9800 (non udenti 1-855-358-5856)** 24 ore al giorno, sette giorni su sette. Se la vostra prima lingua non è l'inglese, o per richiedere attrezzature di supporto sensoriale, sono disponibili servizi d'assistenza, gratuitamente.

Vietnamese: Thông tin này có sẵn miễn phí ở các ngôn ngữ khác. Vui lòng liên lạc bộ phận dịch vụ khách hàng của chúng tôi theo số **1-855-355-9800 (TTY/TDD 1-855-358-5856)**, 24 giờ một ngày, bảy ngày trong tuần. Nếu ngôn ngữ chính của quý vị không phải là tiếng Anh, hoặc để yêu cầu các thiết bị trợ giúp bổ sung, thì quý vị có thể sử dụng miễn phí các dịch vụ hỗ trợ.

Portuguese: Estas informações estão disponíveis gratuitamente em outros idiomas. Por favor, entre em contato com o nosso serviço de atendimento ao cliente pelo número **1-855-355-9800 (TTY/TDD 1-855-358-5856)**, 24 horas por dia, sete dias por semana. Se o seu idioma principal não for o inglês, ou se você precisar solicitar recursos auxiliares para deficientes, os serviços de assistência estão disponíveis gratuitamente para você.

Chinese Mandarin: 这些信息还免费以其他语言提供。请随时联系我们的客户服务电话 **1-855-355-9800 (TTY/TDD 1-855-358-5856)**，该电话每周 7 天、每天 24 小时全天候提供服务。如果您的母语不是英语，或者需要请求辅助设备，您可以免费获得援助服务。

Chinese Cantonese: 這份資訊還免費以其他語言提供。請隨時聯絡我們的客戶服務電話 **1-855-355-9800 (TTY/TDD 1-855-358-5856)**，該電話每周 7 天、每天 24 小時全天候提供服務。如果您的母語不是英語，或者需要請求輔助設備，您可以免費獲得援助服務。

Tagalog: Makukuha nang libre ang impormasyong ito sa mga iba pang wika. Mangyaring makipag-ugnay sa numero ng customer service sa **1-855-355-9800 (TTY/TDD 1-855-358-5856)**, 24 na oras sa isang araw, pitong araw sa isang linggo. Kung hindi Ingles ang inyong pangunahing wika, o upang humiling ng mga kagamitang pantulong, may matatanggap kayong libreng serbisyo sa pagsasalín sa wika.

Arabic:

يمكنك الحصول على هذه المعلومات بلغات أخرى مجانًا. لطلب مساعدات وخدمات إضافية يُرجى الاتصال بخدمة العملاء على الرقم **1-855-355-9800 (الهاتف النصي/للصم 1-855-358-5856)**، على مدار 24 ساعة في اليوم، سبعة أيام في الأسبوع. تتوفر لك خدمات لغوية مجانية إذا كانت لغتك الأساسية ليست الإنجليزية أو إذا طلبت مساعدات إضافية.

German: Diese Information wird kostenlos in anderen Sprachen angeboten. Bitte setzen Sie sich unter der Rufnummer **1-855-355-9800** (für TeleTypewriter/Telekommunikationsgeräte [TTY/TTD] **1-855-358-5856**) mit unserem Kundendienst in Verbindung, der Ihnen an sieben Tagen der Woche 24 Stunden lang zur Verfügung steht. Falls Englisch nicht Ihre Muttersprache ist, können Sie eine kostenlose Sprachhilfe nutzen.

Korean: 본 정보는 다른 언어로도 무료로 제공됩니다. 주 7일 하루 24시간 운영되는 고객 서비스 **1-855-355-9800 (TTY/TDD 1-855-358-5856)** 번으로 연락하시기 바랍니다. 영어가 모국어가 아니거나 장애인 보조 장치 및 서비스가 필요하신 경우, 무료로 지원 서비스가 제공됩니다.

Polish: Poniższa informacja jest dostępna bezpłatnie w innych językach i formatach. Prosimy o kontakt z Działem obsługi klienta pod numerem telefonu **1-855-355-9800 (TTY/TDD 1-855-358-5856)**, 24 godziny na dobę, siedem dni w tygodniu. Jeśli angielski nie jest Twoim pierwszym językiem lub w celu uzyskania dodatkowej pomocy, możesz korzystać z bezpłatnej obsługi w tym zakresie.

Gujarati: આ માહિતી મફતમાં અન્ય ભાષાઓમાં ઉપલબ્ધ છે. કૃપા કરીને અમારી ગ્રાહક સેવાના નંબર **1-855-355-9800 (ટીટીઆઇ/ટીડીડી 1-855-358-5856)**, દિવસમાં 24 કલાક, અઠવાડિયાના સાત દિવસો નો સંપર્ક કરો. જો તમારી પ્રાથમિક ભાષા અંગ્રેજી નથી, અથવા ઉપયોગી સાધનોની વિનંતી કરવા માટે, તમારા માટે સહાયક સેવાઓ નિ:શુલ્ક ઉપલબ્ધ છે.

Thai: ข้อมูลนี้สามารถใช้ได้ฟรีในภาษาอื่น ๆ โปรดติดต่อหมายเลขบริการลูกค้าของเราที่หมายเลข **1-855-355-9800 (TTY/TDD 1-855-358-5856)** ได้ตลอด 24 ชั่วโมงทุกวัน สัปดาห์ละ 7 วัน หากภาษาหลักของคุณไม่ใช่ภาษาอังกฤษหรือต้องการติดต่อขอรับบริการเสริมคุณสมารถเข้ารับความช่วยเหลือได้โดยไม่เสียค่าใช้จ่าย

Japanese: この情報は他の言語でも無料をご利用いただけます。年中無休で対応しておりますので、弊社カスタマーサービスのフリーダイヤル **1-855-355-9800 (TTY/TDD 1-855-358-5856)** までお問い合わせください。母国語が英語でない場合は、無料のサービスをご利用いただけます。